

# Èske w janm tande yo pale de **medetomidine**?

**Kisa li ye?**

Medetomidine, oswa “rhino tranq,” se yon sedatif veterinè ki pi pisan pase xylazine.

**Ki kote li ye?**

Yo jwenn medetomidine regilyèman nan echantiyon dwòg yo analize nan Vil New York.

**Kisa li fè?**

Medetomidine ka lakòz somèy pwofon oswa somnolans pandan anpil tan, tansyon ateryèl ki ba, ak latranblad.

**Kisa ou dwe konnen?**

**Sevraj medetomidine ka kòmanse rapid e li ka grav anpil. Pafwa moun yo dwe ale lopital.**

# Sevraj Medetomidine ak Ki Lè pou Ale Lopital

## Sevraj medetomidine ka lakòz:

- Yon batman kè rapid
- Tansyon ateryèl ki wo anpil
- Gen epizòd ale-vini nan fason moun nan reyaji oswa nan fason li konsyan, menm pandan je l klè
- Transpirasyon ekseksif
- Latranblad oswa tresayiman
- Anksyete ak ajitasyon

## Siy ki endike li lè pou ale lopital:

- Pa kapab sispann vomi
- Gen doulè nan pwatrin
- Gen epizòd ale-vini nan fason moun nan reyaji oswa nan fason li konsyan, menm pandan je l klè
- Anplisdesa ap prezante plis sentòm sevraj pase dabitid

Pou jwenn plis enfòmasyon ak resous sou kijan pou diminye domaj, vizite [nyc.gov/alcoholanddrugs](https://nyc.gov/alcoholanddrugs).

Yo te adapte kat sa a apati materyèl ke Depatman Sante Piblik Philadelphia te devlope.  
Kreye an fevriye 2026.

